

# Kisa yon tès san pou tibèkiloz ye?

Tès san pou tibèkiloz (TB), yo rele tou Tès Liberasyon Entèfewon Gama oswa IGRA (Interferon Gamma Release Assay, IGRA), se yon fason pou konnen si w genyen jèm tibèkiloz nan kò w.

De tès san ki disponib yo se **QuantiFERON®-TB** ak **T-SPOT®.TB**.

## Ou ta dwe fè yon tès tibèkiloz si ou:

- te gen kontak deprè souvan ak yon moun ki gen tibèkiloz enfektye ki aktif,
- te viv nan yon peyi kote anpil moun gen tibèkiloz,
- travay oswa viv nan mezon retrèt, klinik, lopital, prizon oswa abri pou sanzabri, oswa
- sistèm iminitè ou a pa très solid.

Timoun ki gen mwens pase 2 an ta dwe fè tès nan po pou tibèkiloz olye tès san pou tibèkiloz.

## Kijan m ka jwenn yon tès san pou tibèkiloz?

Mande founisè swen sante w la. Y ap pran yon ti kantite nan san w epi voye l nan yon laboratwa. Founisè swen sante w la ap di w si rezulta tès la negatif oswa pozitif nan kèk jou.

## E si rezulta tès tibèkiloz mwen an negatif?

Yon rezulta tès tibèkiloz negatif souvan vle di ou pa gen jèm tibèkiloz nan kò w.

## E si rezulta tès tibèkiloz mwen an pozitif?

Yon rezulta tès tibèkiloz pozitif souvan vle di ou ka gen jèm tibèkiloz nan kò w. Pifò moun ki gen tès san pou tibèkiloz ki pozitif gen enfeksyon tibèkiloz ki kache.

Asire w founisè swen sante w la egzamine w epi fè yon radyografi nan pwatrin ou. Ou ka bezwen fè lòt tès pou wè si w gen enfeksyon tibèkiloz ki kache oswa ki aktif.

## Kisa enfeksyon tibèkiloz ki kache a ye?

Gen de faz tibèkiloz. Toude faz yo ka trete ak medikaman.

Lè jèm tibèkiloz yo antre nan kò w, yo lakòz enfeksyon tibèkiloz ki kache. San tretman, enfeksyon tibèkiloz ki kache a ka vin tibèkiloz ki aktif.

Faz 1 – Enfeksyon tibèkiloz ki kache	Faz 2 – Tibèkiloz ki aktif
Jèm tibèkiloz yo inaktif ('ap dòmi') nan kò w. Faz sa a ka dire yon bon tan - menm anpil ane.	Jèm tibèkiloz yo aktif ('reveye') epi ap gaye. Yo andomaje tisi nan kò w.
Ou pa parèt oswa pa santi w malad. Radyografi nan pwatrin ou souvan nòmal.	Ou souvan santi w malad. Founisè swen sante w la ap fè tès espesyal pou dekouvrir ki kote jèm tibèkiloz yo ap lakòz domaj nan kò w.
Ou pa ka gaye jèm tibèkiloz yo bay lòt moun.	Si jèm tibèkiloz yo nan poumon ou, ou ka gaye tibèkiloz la bay lòt moun lè w tousse, etènye, pale oswa chante.
Trete lè w pran youn oswa de medikaman pandan twa a kat mwa.	Trete lè w pran twa oswa kat medikaman pandan omwens sis mwa.

## E si mwen te pran vaksen BCG?

Vaksen BCG (vaksen tibèkiloz) a ede pwoteje timoun piti yo pou yo pa tonbe malad anpil avèk tibèkiloz ki aktif. Pwoteksyon sa a disparèt amezi moun yo ap vin pi gran.

Moun ki te pran vaksen BCG ka toujou gen enfeksyon tibèkiloz ki kache ak tibèkiloz aktif.

Si w te pran vaksen BCG a epi ou gen chwa pou w fè yon tès san pou tibèkiloz oswa yon tès po pou tibèkiloz, li pi bon pou w fè tès san pou tibèkiloz la. Se paske vaksen BCG a pa afekte tès san pou tibèkiloz la. Sa vle di tès san pou tibèkiloz ou a ap pozitif sèlman si w gen jèm tibèkiloz nan kò w.

Pwoteje sante w ak sante fanmi w – fè yon tès san pou tibèkiloz!

Departman Sante Minnesota  
Prevansyon ak Kontwòl Tibèkiloz (TB)  
1-877-676-5414 oswa 651-201-5414  
[www.health.state.mn.us/tb](http://www.health.state.mn.us/tb)

02/24

Pou jwenn enfòmasyon sa yo nan yon lòt fòma, rele: 651-201-5414.